



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 100 MILYON DOLA POU SANT ESTABILIZASYON KRIZ SANTE KONPÒTMANTAL YO

*100 milyon dola a ap kreye 12 sant sou senk an*

*Etablisman yo bay asistans imedyat pou moun ki nan kriz yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponiblite plis pase 100 milyon dola finansman sou senk ane k ap vini yo pou 12 nouvo Sant Estabilizasyon Kriz Entansif atravè Eta a k ap bay swen imedyat pou moun ki ap fè eksperyans yon kriz sante konpòtmantal. Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) ak Biwo Sèvis ak Sipò kont Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) te pibliye yon Apèl Dòf ansanm pou finanse devlopman Sant yo.

"Tout Moun New York merite diyite pou gen aksè nan swen sante dekalite, espesyalman pandan yon kriz sante piblik," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Sant sante konpòtmantal sa yo ap bay asistans imedya pou moun ki nan kriz yo anvan kondisyon yo anpire. New York ap kontinye trase chemen an nan fè investisman enpòtan pou elimine disparite swen sante yo epi asire ke sèvis sante konpòtmantal yo disponib pou chak Nouyòkè ki bezwen li."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè OMH, te deklare**, "Sant Estabilizasyon Kriz yo sèvi adilt, timoun, ak fanmi ki bezwen yon repons ijan nan sitiyasyon kritik yo. Sant yo ap ouvri tout jounen nan ane a epi y ap bay èd lè li plis nesèsè. Gras ak direksyon ak lidèchip Gouvènè Hochul, nou gen yon opòtinite pou finanse sèvis ki epwouve epi efikas ki baze nan kominote yo."

**Komisè OASAS, Doktè Chinazo Cunningham te deklare**, "Pou moun ki pa kapab gen aksè nan tretman kont twoub ki lye ak konsomasyon alkòl ak dwòg pandan lè ouvrab nòmal yo, Sant Estabilizasyon Kriz yo ap bay yon pòt antre 24/24 pou reponn ak adiksyon yo. Apre yo te fin soutni yon pati nan sit sa yo pandan ane ki pase yo, OASAS fyè pou finalman kapab fè pwomosyon etablisman nan modèl sa atravè Eta New York. Kounye a, moun nan kominote yo ap gen aksè nan sèvis vital sa yo ki enpòtan pou ede yo amelyore sante yo."

Kontra eta yo te akòde atravè apèl dòf yo ap bay plis pase 100 milyon dola pou 12 Sant Estabilizasyon Kriz yo sou senk an, ki enkli 20 milyon dola pou depans lansman ak plis pase 80 milyon nan fon pou operasyon.

Tout sèvis kriz yo ofri nan yon anviwònman ki sekirize, akeyan, epi terapeetik. Vizit san randevou disponib pou tout moun, ki enkli adilt, timoun, adolesan, ak fanmi. Sant yo ap ouvè 24/24, 365 jou nan ane a epi benefisyè yo ka resevwa sèvis pou jiska venn kat èdtan.

Sant yo ap bay swen, obsèvasyon ak tretman ijan pou moun k ap fè eksperyans yon kriz sante mantal ak/oswa izaj dwòg. Sant yo ap bay swen, obsèvasyon ak tretman ijan pou moun k ap eksperimante yon kriz sante mantal ak/oswa izaj dwòg. Sant yo ap bay sèvis sipò kamarad epi ki oryante pou rekiperasyon, anplis sèvis rekòmandasyon ak swivi pou asire ke moun yo kontinye resevwa sipò yo bezwen apre yo egzeyate.

Sant Estabilizasyon Kriz yo fè pati yon sistèm repons konplè ki genyen ladan l ekip kriz mobil, pwogram rezidansyèl pou kriz, ak lòt sèvis ak sipò kominotè.

Apèl dòf yo ap chèche devlopman Sant Estabilizasyon Kriz yo nan Vil New York ak nèf vil atravè rès Eta a. Sant yo dwe sètifye nan OMH ak OASAS epi devlope nan kolaborasyon ak kominote yo sèvi yo, ki enkli Direktè Ijyèn Mantal Lokal, lekòl, founisè kominotè yo, ajans aplikasyon lalwa yo, ak lòt pwogram yo idantifye pou bay swen kontini ki konplè pou rekòmandasyon ak swivi.

**Majistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Li enpòtan anpil pou nou abòde kriz sante mantal la nan Vil New York pou konstui yon rekiperasyon ki solid epi egzije kolaborasyon nan tout nivo gouvènman an. Sant Estabilizasyon Kriz Konpòtmantal sa yo ap sèvi Nouyòkè yo 24/24 epi ba yo sipò ak resous imedyat. Mwen rekonesan pou patenarya Gouvènè Hochul sou pwoblèm sa epi mwen bat bravo pou travay li pou devlope pwogram ki fè prèv yo epi ki efikas sa yo atravè New York."

**Senatè Samra Brouk te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Sena a sou Sante Mantal, mwen te goumen san pran souf pou devlope mizanplas sant estabilizasyon kriz yo nan plis kominote atravè Eta New York, epi mwen kontan pou wè ke yo te pibliye yon apèl dòf pou elaji aksè nan sèvis enpòtan sa yo. Sant estabilizasyon sa yo ap vin enpòtan pou enfrastrikti sante mantal nou an nan Eta New York, epi yo esansyèl pou asire ke nou reponn ak kriz sante mantal yo ak swen, ak konpasyon, nan plas fòs."

**Senatè Pete Harckham te deklare,** "Rezidan ki nan kriz yo merite aksè nan swen ki fè prèv yo 24 èdtan nan jounen an. Nouvo finansman Gouvènè Hochul anonse pou yon douzèn nouvo sant kriz nan tout eta a souleve konpreyansyon solid li pou wè nan ki pwèn li aksè nan swen imedyat enpòtan nan anpil sitiyasyon. Sa ap benefisye kominote nou yo, lye rezidan yo ak swen vital epi sove lavi."

**Manm asanble, Aileen M. Gunther, te deklare,** "Swen sante mantal vital pou tout kominote nou yo. Pandan tan mwen nan asanble a, mwen te obsève nan premye plan,

lit pou bay swen ki apwopriye. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ki ajoute 12 nouvo sant estabilizasyon kriz nan Eta New York. Sant sa yo se pou moun yo rekonèt oswa sispèk ki gen pwoblèm sante mantal. Antanke yon enfimyè ak yon Fanm Manm nan Asanble a, mwen te toujou goumen pou sa ki pi bon pou elektè mwen yo, epi mwen epasyan pou travay ansanm ak Gouvènè Hochul."

**Harvey Rosenthal, PDG Sèvis Reyabilitasyon, Asosyasyon Psikyatrik New York (New York Association of Psychiatric Rehabilitation Services, NYAPRS), te deklare,** "Ak angajman ak envestisman jodi a nan nouvo Sant Estabilizasyon Kriz inovan sa yo, Gouvènè Hochul ap ajoute yon eleman esansyèl po reponn ak kriz kontini New York pou moun ki nan detrès grav yo. Sant yo ap ofri yon kad swen volontè ijan konplè nan gichè inik, k ap ofri yon seri sèvis sante mantal ak ekipasyon kont adiksyon ak sèvis medikal alafwa lè yo pi nesèsè. Yon gran mès pou Gouvènè Hochul dèske li pran mezi rapid pou abòde kriz sante mantal ak vi famiyal n ap fè fas atravè Vil New York ak Eta New York."

**Glenn Liebman, PDG Asosyasyon Sante Mantal nan Eta New York (Mental Health Association in New York State, Inc., MHANYS) te deklare,** "Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Sullivan ak Cunningham pou lidèchip yo nan finansman sant estabilizasyon kriz pou sante konpòtmantal yo. Sant Estabilizasyon yo ap sèvi kòm yon sant 'swen ijans' pou moun ki nan yon kriz sante mantal oswa adiksyon. Y ap ede diminye bezwen pou angajman aplikasyon lalwa ak entèvansyon sal ijans yo. Konbinezon kapasite pou Sant Estabilizasyon Kriz yo konbine ak resous pou 988 yo ak yon angajman solid pou Ekip Kriz Mobil ap kreye yon repons solid pou bezwen moun ak fanmi yo lè yo nan kriz sante mantal oswa adiksyon."

Ou ka jwen apèl dòf sa alafwa sou sitwèb OMH nan Opòtinite Apwovizyonman nan: <https://www.omh.ny.gov/omhweb/rfp/> ak sitwèb OASAS nan Acha nan: <https://oasas.ny.gov/procurement>.

Gen yon konferans pou soumasyon yo, ki ouvri pou tout moun ki enterese k ap fèt nan dat 28 fevriye 2022, soti 9:00 AM jiska 10:30 AM. Ale nan Apèl Dòf la pou plis enfòmasyon sou konferans lan.

Dat limit pou repons Apèl Dòf la se 19/05/2022.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)